No. 25 — 2 Augustus 1929 — Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris: (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „ . . . . f 3,75 }

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**:

XAVERIUS - COLLEGE

MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

### ISINIPOEN.

Kontrak—Dr. Schutzer medar sabda—Panggoela-wentah babagan arta—Vrije emigratie van Java—Njekapaken rembag—Dradjading Wanita Katholiek—Sami badé madjeng—Njambeti—Roepak djadjahanipoen—É,é,saweg ngertos djaman samangké — Ontjèn — Senindjong godog—Oerap-sari — Wawasan boekoe — Panoentoening laré — Correspondentie.

# PRADJA RAHAJOE.

## KONTRAK.

Kontrak - boeroeh (arbeidscontract) lan Collectief Contract.

Kontrak - berah poenika perdjandjian prakawis beberah; wonten ing kontrak ngrikoe ingkang berah perdjandji (madjibaken badanipoen) njamboet - damelaken ingkang dipoenkoelèni, ing wekdal ingkang sampoen katamtokaken, lan panjamboet - damelipoen saroedjoek kalijan pitedahipoen ingkang njéwa baoenipoen, lan ingkang njéwa baoe waoe njagahi (madjibaken badanipoen) badé njoekani bajar dateng ingkang dipoensèwa baoenipoen.

Manoet pernatan kontrak - berah ing Indija ngriki, kontrak makaten anggènipoen njeboetaken:

Jèn A arep gegawéan, B arep njamboet - gawé enggoné A, ikoe doeroeng djeneng perdjandjian. Ananing perdjandjian, jèn A lan B remboegan lan karo - karoné ngandakaké pikirané perkara pagawéjan lan bajaran lsp. Jèn remboeg tjotjog, lagi waé ana perdjandjian.

Sadadiné perdjandjian, A doewé koewadjiban marang B lan B marang A, apadéné karo - karoné koedoe noehoni kasagoehané kang kamot ing perdjandjian kono....... Moelané perdjandjian - boeroeh ikoe karatjak nganakaké koewadjiban: sing sidji koedoe njamboet - gawé, sidjiné mbajar boeroehan. Menawa sing sidji ora toehoe ing wadjibé, sidjiné kena ngelahaké marang pradata, lan jèn pradata jakin kelahé maton, pradata moetoes, kang loepoet koedoe nempoehi kapitoenan. (Zie De nieuwe bepalingen betreffende het Arbeidscontract in Nederlandsch Indie —Ind. Stbl. 1926 Nos 335 en 458 — door Mr. J. H. Heslinga, Tweede Druk, 1928).

Poenika kontrakan - berah, ing basa Walandi Arbeidscontract.

Déné Collectief Contract (c. c.) poenika roedjoeking rembag, ingkang nemtokaken djanggelaning kontrak - berah, djanggelan ingkang kedah kaoegeman ing kalih - kalihipoen, samangsa perdjandjian - berah sampoen madeg. Dados ing c. c. ngrikoe anjang - tawaring ingkang berah kalijan ingkang amberahaken. Perdjandjian - berah kalijan c. c. roemijin c. c., lan c. c. poenika sanès perdjandjian - berah; mila menawi pamaos kapoesan margi temboeng ingkang wingi - wingi, poenika waloejanipoen.

Paédahipoen c. c.

1. toemrap gesang sesarengan (maatschappij).

Kantja baoe wonten ing salebetipoen njamboet - damel boten maras - miris, prakawis bajaran: koeli roemaos minggah dradjadipoen; anggènipoen saged tetoembas sampoen saged nemtokaken sadèrèngipoen; pamogokan inggih boten badé wonten — kedjawi menawi tijang sami andjarag toemindak boten samestinipoen, oetawi nijat nékat!— Ingkang amberahaken dados inggih boten adjrih menawi koeli badé sami setak; boten samar menawi badé kaoedjeg katedanan indaking berahan, lan boten mawi melang - melang oetawi samar - sèmèr anggènipoen damel pétang - pétangan. Menawi ingkang ngontrak waoe kaoem amberahaken oetawi pakempalaning kaoem amberahaken (patroonsorganisatie), sangsaja saé dateng kaoemoeman, awit djor - djoraning koeli mirahaken baoe boten wonten, djer wonten ing poendi - poendi djanggelan sami.

Golongan sanès oegi katah ingkang toemoet ngraosaken étjaning c. c.

Para ingkang ngladosi barang (leverancier) dateng onderneming saged adjeg toemindakipoen. Kaoem dagang inggih tansah saged toemindak daganganipoen; toko, bakoel toemoet loemajan.

Pamogokan ageng oetawi lock - out, i. p. menawi ingkang amberahaken ngesahaken oetawi ngemohi kantja baoe, inggih boten badé toemindak, djalaran manoet anggering kontrak, tijang ingkang boten noehoni djangdji (oetawi kasagahanipoen) kénging kaoekoemaken.

2. toemrap industrie - pijambak - (oetawi ondernemingipoen).

Margi kawontenan ingkang kados makaten, kantja baoe ladjeng kraos njamboet - damel, lan katah pangatos - atosipoen, awit betahing onderneming inggih betahipoen pijambak. Koeli ingkang kirang prigel oetawi boten saged nindakaken pakarjan, ingkang sampoen kamot ing kontrak, kalijan samestinipoen, boten wonten; awit wonten ing kontrak sampoen kaseboetaken bilih kantja baoe kedah njamboet - damel kados ingkang sampoen kaseboet. Lan margi poenika waoe sadaja, kantja baoe inggih boten badé njatnjatan ngalih panggénan ingkang langkoeng sekétja, djalaran kados ingkang sampoen katoer ing nginggil, wonten ing poendi - poendi sadaja sami.

3. toemrap kasoesilan (zedelijk).

Koeli sami koeli badé saja soepeket; patroon badé saja soemerep dateng kantja baoe, lan badé toewoeh roemaosipoen, bilih kantja baoe makaten sanès pirantos, nanging tijang, kantjanipoen njamboet - damel.

*H.*

## Dr. SCHMUTZER MEDAR SABDA.

I.

Ingkang boten maos De Koerier bokmenawi dèrèng mangertos poenapa ingkang dipoenpangandikakaken Dr. Schm.; mila Sw. T. badé omong; pangangkah namoeng ingkang boten maos koran sanès, sageda mangertos p o e n a p a ngendikanipoen Dr. S., sanadjan boten mangertos k a d o s - p o e n d i anggènipoen ngendikakaken.— Omong kados makaten èstoenipoen prakawis gawat; gawatipoen anggènipoen boten ngetrepi babon, ingkang kaomongaken. Mila ingkang badé matitisaken, sampoen wegah ngoepados sesoeloeh. Omong kadamel kanti ngatos-atos; déné meksa wonten mèntjèngipoen sawatawis, ingkang pléga kasoewoen paringa waloejan. Tjempala katjepeng, . . . . wiwit: Dr. S. ngendika, bilih:

Ébahing djaman énggal ing ngriki adamel prihatosipoen bangsa Éropa ingkang katah-katah.

Tijang oemoemipoen sami jakin, bilih lelajananing tijang ing ngriki, ingkang sampoen boten sekedik éwahipoen poenika, ing sawatawis wekdal malih badé mroengsoengi babar pisan.— Samangké ingkang ramé dados rembag poenika, poenapa Pangerèh atradjang kemadjengen (te vrijzinnig) poenika boten nenoentoen dateng kabialèn.

Pangerèh Indija pikantoek pambijantoe rembag saking Nederland; nanging poenika poenapa paédahipoen djer Nederland pijambak kirang paham dateng pakèwedipoen pangerèh ing ngriki; nitik reroepèn ing 2de Kamer (Volksvertegenwoordiging) anggènipoen doemoegi titimangsa dèrèng dangoe poenika sami ngetingalaken kirang anggatosaken dateng rembag prakawis Ind., boten anggoemoenaken, menawi tijang sami sangga-roenggi, poenapa para kawogan waoe saged nimbang prakawis Indija.

Margi saking poenika, pendjenenganipoen Dr. S. manggalih boten sepi ing paédah analiti, poenapa pangertosing Pangerèh, ingkang dados soesoeloeing panjepenggipoen paréntah sampoen petitis, lan analiti poenapa pernatan-pernatan, ingkang ladjeng kedah kawontenaken margi kajakinan waoe, sampoen mapan.

Pamedar sabda anggènipoen mijaki prakawis waoe adedasar kaantepan Katholiek, sanadjan kaantepan waoe menggahing politiek ing Indija, tijang Katholiek pijambak teksih wonten ingkang béda - béda pamanggihipoen.

Anggènipoen ngoedari prakawis Dr. S. ngagem toentoenan St. ThomasAquine.—Serat ngèlmoe amongpradja adedasar woelangipoen St. Thomas, ingkang sinerat ing basa Walandi dèrèng wonten. Wiwit djaman kompeni doemoegi sapriki tijang Katholiek ing Nederland dèrèng kober lan dèrèng saged anggiloet kawroeh babagan koloni. Pakarjan ingkang sampoen tinandangan déning sad. Katholiek, ing Indija ngriki saweg pakarjan ingkang anggepok agami toewin kaboedajan oemoem (arbeid van religieuzen en sociaal-cultureelen aard).

Pramila nalika prof. Steger wonten ing Eerste Kamer mahjakaken kajakinan prakawis koloni saweg anoe poenika, pendjenenganipoen ingkang dipoen „botaken" prakawis koloni perangan ingkang magepokan lan kaboedajan (ethisch-cultureel).

Ing ngrikoe Dr. S. ladjeng metik ngendikanipoen prof. Steger, inkang nerangaken, bilih wadjib damel koloni makaten inggih njoekani wewenang damel koloni, lan kosokwangsoelipoen: wewenang damel koloni (njepeng koloni) itjal menawi wadjib waoe itjal; itjaling wadjib inggih poenika manawi tanah ingkang dipoenkoloni waoe sampoen doemoegi diwasa ing babagan oelah pradja toewin lampahlelajanan kalijan pradja sanès.

Dr. S. toemoenten moendoet paseksèn saking para ahli, bilih wewaton ingkang dipoenwedaraken déning prof. Steger waoe dipoentjotjogi déning para sardjana ing sanès pradja. Sigeg.

Ngèngeti anggènipoen bangsa golong - golongan (Volksgemeenschappen) ing Indija, sanadjan béda-béda nanging sadaja tinangsoelan ing soeh satoenggal, i. p. pangerèh Walandi (Nederlandsch Staatsverband), pendjenenganipoen Dr. S. ladjeng analiti, kados - poendi lelajanan lan lelawananipoen bangsa golong-golongan waoe kalijan soeh satoenggal sineboet, manoet wewenanging kodrat, miwah poenapa toewin kados-poendi lelajanan oetawi tetimbangan ingkang samangké wonten poenika, salaras lan oelah-pradja tjara-Katholiek, boten ngalang-alangi bangsa golong-golongan waoe sami madjeng,madjeng sanglebet-lan bokmenawi inggih sandjawining soeh kaseboet.

## PANGGOELA-WENTAH ING BABAGAN ARTA.

*(Economische opvoeding?)*

Roemijin koela sampoen naté ngrembag bab zedelijke opvoeding wonten ing Sw. Tm. Moerid poenika wonten ing pamoelangan, ingkang masti angsal verstandelijke opvoeding tegesipoen: boedinipoen dipoenasah soepados landep kanggé memikir, woesana ladjeng dados tijang ingkang saged.

Sarèhné wonten ing pamoelangan poenika toemraping laré njoeda dateng kasarasan, amargi kekatahen linggih, njerat kanti mboengkoek lsp. mila soepados ingkang kados makaten poenika sageda kirang, ladjeng dipoenwonteni lichamelijke opvoeding awoedjoed gymnastiek lsp.

Prakawis zedelijke opvoeding, poenika taksih kénging kawastanan kirang sanget. Malah manawi nitik waos-waosan wedalan Volkslectuur ingkang oegi dipoenwaos déning laré pamoelangan, zedelijke opvoeding kados - kados dipoenalang - alangi. Boekoe wedalan Volkslectuur katah ingkang njarijosaken babagan sahwat, poenapa poenika ngadjengaken zedelijke opvoeding? Sampoen genah boten.

Sapoenika kadjawi panggoelawentah warni tiga kaseboet, koela gadah gagasan, bilih panggoelawentah ing babagan arta pantes oegi dipoentjakaken. Koela mastani „economische opvoeding" poenika damelan koela pijambak, koela soekani tanda pitakèn, amargi roemaos kirang trep.

Ingkang moeroegaken wonten gagasan poenika, bobrokipoen bank „Indonesia". Ingkang dados aandeelhouder sadaja sami sadèrèk Indonesia, ingkang njepeng makaten oegi. Manoet „de Koerier" Mr. Iskak badé kedah madjeng dateng pradatan. Manoet „Mataram," rikala deurwaarder ambeskoep kas, namoeng manggih arta kalih tengah roepijah toer sami palsoe. Mangka pantjènipoen kanggo toeladan, djeboel kados makaten. Jèn njepeng bank dèrèng saged, poenapa saged dados Directeur van financiën? Sadaja waoe namoeng margi saking kirang economische opvoeding.

Economische opvoeding poenika sadjatosipoen tjampoering verstandelijke opvoeding kalijan zedelijke opvoeding nanging toemrap ing babagan arta, awit economische opvoeding poenika oepaminipoen „ngretos pétang lan kénging dipoenpitados" lsp. Mila manawi verstandelijke lan zedelijke opvoeding mempeng, economische opvoeding sampoen katjakoep.

Ing djaman samangké panggoelawentahing laré poenika kénging kawastanan woedjoed tjoewil$^2$an, mila jèn angsal lichamelijke opvoeding satjoewil, verstandelijke opvoeding satjoewil, zedelijke opvoeding satjoewil, prajogi oegi kasoekanan economische opvoeding boten kétang satjoewil.

Economische opvoeding poenika anggegoelang laré soepados jèn sampoen sepoeh 1e. jèn boten gadah arta, sageda pados kanti sarana ingkang saé. 2e. jèn gadah arta a). mangka noedjoe boten betah poenapa-poenapa, sageda dipoentjèlèngi oetawi kalebetaken ing bank soepados mindak b). kanggé tetoembas, sageda ingkang katoembas waoe preloe saèstoe. Manawi taksih kénging dipoensrantosaken, sampoen ladjeng katoembas. Malihipoen, jèn kapéngin poenapa - poenapa, sampoen toembas manawi boten gadah arta, awit leres ngebon poenika manoet sawenèhing tijang: ngindakaken mitra, nanging inggih ngindakaken sangsara. 3e. jèn dipoentitipi arta, sageda saé pangrimatipoen.

Wonten ing pamoelangan oetawi ing grija laré kasoekanana economische opvoeding saking sakedik oepaminipoen: sangoe, poenika jèn dèrèng sarapan, laré kagegoelanga toembas ingkang noewoeki, dados sampoen bangsanipoen opak-angin, témpé-kripik lsp. Jèn tirah, katjèlèngana. Oepami tjèlèngan kadoedah, sampoen ladjeng katelas-telasaken kanggé toembas mertjon lsp. Ing pamoelangan poenika betah grip, potlot, sabak, boekoe lss, poenika moerid kaadjaka oeroenan, ladjeng ngwontenaken cooperatie. Salah satoenggaling laré kapoerih njepeng kas. Jèn ingkang kados makaten poenika dipoen-gegoelang, béndjing manawi sampoen sepoeh, kénging kapitados njepeng kas jatra éwon.

Mangga para dwidja koela atoeri manggalih prakawis poenika, sarta jèn kadoegi saé, dipoenetjakaken, nanging sampoen atilar paedagogie tegesipoen: sampoen ngantos laré ingkang boten angsal sangoe saking grija ngantos kawirangan lsp.

koela poen P. D.

## VRIJE EMIGRATIE VAN JAVA.

Margi katahing tetijang ingkang sami kénging boedjoekipoen wèrek$^2$ Déli (Déli Planters Vereeniging), kados preloe kasoemerepan pradjandji$^2$ (voorwaarden) toemrap para koeli kontract Déli. Tabaksondernemingen der Deli Mij ngoepados koeli$^2$ (vrije arbeiders) mawi pradjandji:

1. Ingkang kénging mlebet namoeng tijang ingkang sampoen idjab, sampoen oetawi dèrèng gadah anak. (gehuwde lieden, al of niet met kinderen uitkomen).

2. Para vrije arbeiders (tjalon koeli kontrak) ngemoengna bapa (pengageng batih: gezinshoofd), sadèrèngipoen kakitoen dateng Dèli, mawi kasepèksi Dokter roemijin. Jèn ongezond boten kanggé, karetour dateng doesoenipoen; ingkang njanggi ragadipoen D. P. V.

3. Kedah tijang tani ingkang dèrèng naté ngontrak dateng sabrang, (Hai, mesti waé kok zeg! Lèhé pinter taa!) lan boten kesangkoet ing prakara poelitie; kanti angsal idinipoen bapa-bijoeng lan sadèrèk$^2$ipoen. Kedah mbekta serat loeloesan saking loerah. Serat loeloesan waoe ragadipoen dateng loerah f 1,50; D. P. V. ingkang njanggi.

4. Sabadénipoen pangkat wonten ing Semarang tampi presèn f 22,50, arta sandangan (kleedinggeld) f 3,50. Arta presèn waoe ingkang f 10,— kénging kateda wonten ing bijkantoor ingkang ngangkataken. Sadèrèngipoen dipoenangkataken, sadangoenipoen wonten ing kantor oetawi filiaal D. P. V. (lan Avros), saben dinten tampi arta teda katahipoen f 0,40, toemrap gezinshoofd. f 0,30 toemrap gezinslid. Laré$^2$ (1—12 taoen) tampi f 0,20. Béndjing sadatengipoen ing Déli jèn kepéngin kénging proesekot f 15,—.

5. Wonten ing onderneming koeli$^2$ waoe sadinten nampi épahan f 0,42. Jèn njamboet-damel borongan sadinten f 0,47. Jèn sawoelan saged njamboet-damel trep 28 dinten, taksih tampi gandjaran (ontvangen bovendien een vlijtpremie van) f 1,50; saged mindak$^2$ doemoegi f 2,50 per maand.

6. Salebetipoen 10 dinten kaétang wiwit dateng ing onderneming, tijang taksih gadah hak wangsoel dateng tanah Djawi, (oepami margi boten seneng), kawragadan déning D. V. Jèn kelonggaran waoe boten kapigoenakaken, saged wangsoel ngeDjawi wragad onderneming, sasampoenipoen njamboet-damel 2 taoen, kanti ontslag. (als ontslagen worden beschouwd). Jèn koeli waoe poeroen manggèn teroes wonten ing onderneming, saben gangsal taoen sapisan koeli waoe gadah hak verlof dateng tanah Djawi wongsal-wangsoel tanpa tjoetjoel wragad (vrije reis heen en terug). Jèn wangsoelipoen dateng onderneming malih étangipoen boten langkoeng saking 6 woelan (lan verlof-ipoen), wekdal sadèrèngipoen verlof béndjing kénging kanggé mewahi dienst ngétang pènsioen. (....dan behouden zij recht op pensioen wegens lang durigen dienst.....)

7. Jèn anggènipoen njamboet-damel ngontrak sampoen 25 taoen (verlof saben 5 taoen sapisan boten langkoeng saking 6 woelan oegi kapétang), tetijang koeli vrije arbeiders (koeli kontract inggih) badé angsal pènsioen sawoelan apes f 7,50 (dados saged langkoeng).

8. Jèn boten saged neroesaken njamboet - damel, margi katjilakan (salebeting njamboet-damel) oetawi sesakiten (dados sanès lepatipoen pijambak), oegi saged angsal pènsioen tetep f 7,50 sawoelan, manoet panimbangipoen commissie pènsioen (...., kan op advies van de pensioen - commissie ook aan „vrije arbeiders" invaliditeitspensioen worden toegekend tot een vast bedrag van f 7,50 per maand.)

9. Wonten ing onderneming tijang$^2$ vrije arbeiders waoe angsal koloniehuis (grija koloni) mawi pekarangan njekapi, ingkang kénging dipoentanemi kanggé pijambak (ten eigen bate bebouwen).

10. Vrije arbeiders waoe kénging mbekta (kedjawi anak sémah) tijang sepoeh lan sadèrèk (kakang oetawi adi, èstri oetawi djaler) kekalih (katah$^2$ipoen). Jèn mbekta sadèrèk sanès (naaste familie), ingkang kepéngin toemoet njamboet-damel, kénging; katah$^2$ipoen toemrap tijang sepoeh 1, (déné jèn laré 2;). mawi mbajar ragad f 35.— srana katjitjil.

***

Sedyaning manah koela njerat

pradjandji 10 bab toemrap para koeli[2] vrije arbeiders déning D.P.V. en A.V.R.O.S. boten kok koela nijat dados propagandisipoen kaoem kapital onderneming sana, nanging loegoe soepados kaoedanèn ing para pamaos ingkang minoelja. Ladjeng katjoendoekna kalijan praktikipoen kados-poendi? Katah-katahipoen ingkang sami kaboedjoek déning wèrek[2] poenika, boten ngertos dong-dingipoen; ngantos poenapa ingkang dados hakipoen sang kénging kaboedjoek, (arta presèn lan sandangan), asring dipoennjaem sang wèrek; ingkang kasoekakaken namoeng sapérangan alit; njengkanipoen f 10,— ingkang f 22,50 + f 3,50—f 10,— alias = f 16,— dados mélikipoen wèrek. Poenika satoenggal tijang lo! Malih: Katah oegi ingkang poeroenipoen dados koeli margi dipoenapoesi lan boten medal kadjengipoen pijambak. Lan oegi boten langka ingkang anggènipoen dateng Déli waoe margi .... dados boeron poelisi.

Ratjakipoen ingkang kénging dados koeli kedah tijang ingkang: ora ngerti pa pintjang. Perloenipoen..... .....boten perloe kabèbèr, boten lija soepados poen koeli......mbangoentoeroet, boten kakatahen rèwèl, oetawi .......... boten saged serat-seratan, njrijosaken kawontenan ngrikoe. Nanging ....... kleresan toer mawi sanget, déné sapoenika wonten tijang terpeladjar (tammat H. I. S. lan Mulo) ingkang njloendoepi mlebet kontrak .........

Jèn dipoenpikir makaten, pranatanipoen inggih boten awon, nanging toemindakipoen sok njlèwèng katah.

Sampoen adjrih, koela sanès wèrek lo!

Taklim = LORENZ.

## -: LARASATI :-

### NJEKAPAKEN REMBAG.

*(teroesipoen).*

3. Wanita Katholiek ngakeni teroes ing manah, bilih kawontenan kados ingkang sampoen katoer, boten nélakaken bilih wanita kirang ing pangaosipoen (minderwaardig) tinimbang tijang djaler. Ing prakawis sawatawis wanita pantjèn kawon ageng wewenangipoen, nanging poenika sanès tanda-jekti bilih tijang èstri minderwaardig tinimbang prija, babar pisan boten. Oepaminipoen kémawon: Pasamoean Soetji ngawisi, malah boten ngabsahaken bangsa Moetihan (Geestelijken, i.p. Imam, Broeder lsp.) sami dedagangan . . . Angger ing pradja Djerman ngawisi tijang ingkang teksih dados oepsir, sami toemoet milih warganing pangerèh (politieke verkiezing). Mangga, sinten badé mastani, bilih Pasamoean Soetji dateng para Moetihan lan pradja Djerman dateng para oepsir nganggep kirang anggènipoen ngaosi??

Kadjawi poenika: samining wewenang poenika boten babar pisan ateges samining pangaos. Njatanipoen: Ratoe lan tijang alit sami déné gadah wewenang toemrap „radja-darbé (gelijke rechten inzake eigendom)"; éwasamanten aosipoen Nata lan tijang alit boemi langit saminipoen!

Woesana: wewenang saged dedawoeh wonten ing djaman ramé boten ateges bilih tijang waoe toehoe langkoeng inggil (sociaal hooger). Wedana, oepaminipoen, gadah wewenang dedawoeh; éwasamanten sardjana misoewoer oet. dokter pilihan, wonten ing maatschappij langkoeng dipoenaosi, langkoeng inggil.

Pramila sepisan engkas: tijang èstri boten minderwaardig jèn katimbang tijang djaler, sanadjan tijang èstri boten saged kadoenoengan sadaja wewenangipoen tijang djaler.

Djaler-èstri toehoe sami manoengsanipoen; nanging béda-béda anggénipoen „djoemeneng" manoengsa. Kadradjadanipoen boten kawon inggil tinimbang tijang djaler, nanging béda kalijan kadradjadanipoen tijang djaler. (Zij is niet minder een mensch, maar anders mensch dan de man. Haar positie is niet een minderwaardige, maar wel een andersoortige). — Malah menawi ingkang katanding wigatosipoen (de beteekenis) oetawi djasanipoen djaler èstri katimbang tijang èstri doemawah langkoeng inggil. Tjobi koela atoeri nimbang temboengipoen Jan Holland ing boekoenipoen „Over vrouwen voor vrouwen": „Wong sing njepèlèkaké pakarjané (werkkring) wong wadon, ngoekiri kanjataan, menawa lara-waras- sangsara lan rahardjaning maatschappij goemantoeng saka ing brajat (huisgezin). Wong sing ngoekiri pandjaga lan sembahjanging bijoeng, ikoe ngadjapaké ilalapat marang toeroen. Wong wadon kang ngoedjoepaké kabèh pakarjané (noedjokaké kabèh pagawéjané) marang rajat, ikoe labeté marang kaboetoehaning manoengsa, kaboetoehan njata lan awèt, loewih gedé tinimbang para sardjana kang pada ngesok wohing pamoengsengé ing boekoené, loewih gedé tinimbang para goena-wan, kang pada ngebaki moeseoem[2], loewih gedé tinimbang wong wasis, kang bisa nemoe saranan ing anggampangaké oerip!" Radi langkoeng mremit ngendikanipoen Rama Weiss ing seratipoen „Socile Frage" ,makaten: „Wong kang moeng pada namataké lahir, pantjèn pada loewih gedé pangalemé marang wong lanang, merga enggoné pada ngremboeg politiek lan prakara sosial warna-warna; nanging wong kang doeroeng kliwat ilon-ilonen lan bisa nimbang sabenerbeneré, kapeksa ngakoni, jèn pakarjané wong wadon ing babagan sosial (sociale werkzaamheden) loewih migoenani, loewih perloe, loewih adji (eervoller) timbang pakarjan-pakarjan, kang bisa gawé misoewoeré wong lanang. Tjoba, pakarjané wong lanang maoe soedanen satoes, maatschappij mbegegeg adjeg, nanging maatschappij rekasa, jèn brajat lan bebatihan (gezin en familie) krempjeg-krempjeg (neergedrukt). Mangka rajat lan bebatihan maoe ana ing tangané wong wadon." — Satoenggal engkas kémawon, kapetikaken saking seratipoen Joseph de Maistre, makaten: „Wong lanang gawé angger, nanging sing gawé wong lanang, kang bésoek bisa gawé angger ikoe wong wadon." Sampoen klintoe tampi! Tijang èstri damel tijang djaler djago, djempolan oetawi bantèng — tjara sapoenikanipoen! — sarana pangoepakara doek teksih alitipoen.

Paseksèn-paseksèn ing nginggil poenika nedahaken satjekapipoen, bilih manoet kaantepan Katholiek (Katholieke opvatting) wanita babar pisan sanès titah ingkang kirang pangaos (minderwaardig), jèn kadjèdjèr kalijan prija. Namoeng djasaning wanita sanès djinis kalijan lelabeting prija. Mila dalasan tijang sa-Paulsen (pijambakipoen sanès poetraning Pasamoean Soetji), kapeksa ngakeni: „Agama Christen, ikoe sabeneré sing bisa narboeka nalar bisa ngertèni pèni lan kasoegihané dat wanita; marga prabawaning Agama Christen wanita bisa katon sadjatiné (Eerst het Christendom heeft den zin geopend voor de schoonheid en den rijkdom der vrouwelijke natuur; onder den invloed van het Christendom is de vrouw geworden wat zij is).". . .

Teka sampoen radi pandjang atoer koela; sampoen samanten kémawon roemijin. Minggoe wingking sebab ingkang poengkasan (minggoe ngadjeng koela ngatoeraken, bilih wonten djalaran 5, ingkang mbalah panedanipoen tijang èstri dateng absoluté gelijkheid; ning poenika kekatahen satoenggal) kaatoeraken.

*A. Swasti Astoetilah.*

## DRADJADING WANITA KATHOLIEK.

*(Sw. T. tg. 5-12-19 Juli 1929).*

Noewoen, kepareng nepangaken, koela Poetri Tjina, asli saking Hong Kong, ing sapoenika manggèn tjelak pretapan „Prapatan," dados inggih tanggi kalijan pandjenegan. Anggèn koela ngadjawi dèrèng dangoe, mila pitepangan inggih dèrèng katah, saweg gangsal. Anggèn koela sowan ing pandjenengan poenika inggih namoeng perloe pados pitepangan, mbokmanawi saged ngindakaken tentreming manah koela. Wontenipoen koela ngantos nilar tanah woetah rah koela poenika awit kepladjeng, miris ngraosaken karisakan ing ngrika. Ing negari koela nembé poenika katerak ing lindoe ageng, ndadosaken oreging tijang sanagari. Saking pamanggihipoen para sardjana seismologen, telenging lindoe waoe wonten ing negari Moskou. Déné raosing manah koela doegi samangké saking berkahing Hjang Maha Soetji inggih sampoen tentrem boten kirang satoenggal poenapa. Namoeng sareng pikantoek pitepangan sawatawis, radi gondjing raosing manah, awit tampi pitedah warni-warni toer béda-béda. Mila pisowan koela ing pandjenengan, kedjawi kepéngin tepang, inggih badé pados kasil, njoewoen sendjata pitoeloengan; manawi dangan ing panggalih, kersaa maringi pangandika, kados-poendi anggèn koela matrapaken badan koela wonten ing ngriki, sageda damel renaning panggalihipoen Sang Pandita ing pratapan „Prapatan."

Walèh-walèh poenapa, mila koela miterang, awit bingoeng ngraosaken pitedahipoen pitepangan koela ingkang béda-béda waoe. Tjobi koela atoeraken:

1. Mevrouw C. Soetjilah-Atmasoedarma: . . . . tijang èstri poenika boten béda kalijan tijang djaler lan boten béda sami déné nggadahi kekadjengan ingkang merdika (vrije wil) ....... Goesti Allah poenika anggènipoen nitahaken manoengsa djaler lan èstri poenika maksoedipoen soepados kalih-kalihipoen waoe saged gesang ingkang sampoerna lan sesami-sami.

2. Begawan Tjitaning: Sadèrèk wanita, sanadjan pandjenengan inggih kagoengan vrije wil lan inggih kagoengan hak sesami-sami kalijan kakoeng ......

3. Sad. A. Swasti Astoetitah .... pangoedining wanita sami kalijan prija poenika ndèrèk wohing Revolutie ing Frankrijk roemijin.

4. Sad. Aminah: Wong kang pada kena paoekoeman ing pakoendjaran ikoe beneré diloewarana baé, djalaran ananė dioekoem ikoe saka panemoené pradata doewé lakoe nasar, ing mangka satemené nalikané lakoe nasar maoe moeng saderma baé, marga digawé lali oetawa bingoeng pikiré karo kang Gawé oerip.

5. Sad. Siti: Dradjading manoengsa ikoe ana sangisoré kebo, awit sing djeneng kebo wis mesti mangan soeket, bareng sing djeneng manoengsa sok kelakon mangan watoe.

Inggih poenika ingkang sanget ndadosaken bingoenging manah koela. Mila manawi pandjenengan ing wekdal poenika boten kober maringi pangandika, prajoginipoen béndjing embèn-embèn ngrikoe kémawon koela atoeri tindak-tindak ing patamanan „Swara-Tama", badé koela dèrèkaken. Rama Directeur patamanan, oeger boten aben koetjing *) kémawon, rak inggih marengaken. Namoeng sadèrèngipoen koela njoewoen priksa roemijin, ingkang asma sinten?

— Koela tjelak kapanditan, ..... nanging ... tebih kalijan pandita ... Koela Lé-nin-nah ..... asli Moskou! **)

— Mak tratap! ....... Kepareng énggal njoewoen pamit .... kaselak pandjenengan tedas dateng koela.

É lha ndrawasi! manawi ngantos gripis Katholiek koela, mangké rak èstoe tampi bebendoening Sang Pandita ing pratapan „Prapatan!"

POETRI TJINA.

*) ... lan boten taroeng pijambak! Red.

**) É, njah ngantèn ki, toeréné waoe asli saking Hongkong! Red.

## SENINDJONG GODOG.

*Landrechter welasan.*

Éntong dipoendenda ing Landgerecht Betawi f 2.50, kalepatan nganggé kapal tabet. Toekang grobag sanggoep bajar, asal kénging migoenakaken kapal ingkang tatoe waoe teroes, margi kadjengipoen dèrèng padjeng.

Sang ambek welasan mangsoeli: „Ngati-ati adja nganti katjekel (kadenda) sapisan manèh. Kowé kena adol kajoemoe disik." (nganggo djaranmoe sing tatoe!).

Loetjoe! Gèk béndjing wonten Justitie moetoes oekoem salami gesang dateng pendjahat, mawi dawoeh: „Diprimpen lan djoeliga, adja nganti konangan poelisi anggonmoe nglakoni kadoerakan! Saiki toetoegna enggonmoe nglakoni piala, jèn wis.....

*Djaman huurkoop.*

Wekdal samangké tetijang gampil angsal barang ingkang dipoensenengi; sanadjana boten gadah arta kentjèng. Poenapa kémawon ta, bebakas grija, pirantos neda, toempakan dokar, fiets enz.......

Ijak, gèk béndjing tijang kepéngin gadah sisihan inggih mawi hirkop, margi boten saged ngentjèng. Nijat meningi djaman édan anné!!

*Djor-djor-an!*

Poenapa kémawon ing wekdal samangké kanggé djor-djoran. Mlajoe adoh déwé, maboer doewoer déwé, nglangi kampijoen déwé, noenggang motor rikat déwé, *mangan bakmi* akèh déwé enz. enz.

Poenika taksih graad ngandap! Sapoenika wonten malih djor-djoran graad tengahan; oepaminipoen toemraping solang tingkahipoen para wanita: Sapa sing soemèh déwé; ramping déwé; merit déwé; swarané kempling déwé enz. enz..... ngantos njandak: sapa wanita sing ajoe déwé! (bakal tampa tjiprolèt; wajah!)

Toedjoenipoen wanita trah Indonesia boten kèloe!

Njandak klas loge: siapa njang paling pendek roknja, dan paling boekoengan sendiri, itoelah satoe prampoean njang paling kampi. Lo, meningi djaman édan tenan. Mangka tenan .... a là Paris!

Béndjing poenapa wonten djordjoran lampah kaoetamèn? Oepami: Siapa jang paling banjak menderma pada missie! enz. enz.......

*Tijang Kaja-kaja adjar kenal.*

Djiwa ing Digoel sapoenika ± 20. 000. Tijang boemi ngrikoe (Kaja-kaja, ah, klèntoe ding, Indonesier Kaja-kaja,.....) wiwit poeroen srawoengan. Manawi mertamoe dateng grijaning para Minis (lepat malih, leresipoen: Indonesier Minis!) sami mbekta angsal-angsal warni-warni, (woeloe peksi saé-saé lsp.), preloe kalintokaken rèk, pengilon zoopoor-zoopoor!

Mestiné jèn weroeh pangilon goemoené: ngoedoebilahiminasétan.

Onderwijs wiwit bribik[2] dipoenwonteni H.I.S., piwoelang Inggris lsp.

*Manawi pineksa idjab!*

Kados-poendi raosing manah, para pawèstri ingkang pineksa ing tijang sepoeh, kaidjabaken kalijan laré djaler ingkang boten dipoensenengi? Boten preloe djinawab. Nanging pawartos saking Déli (Médan), njebataken bilih wonten pawèstri kekalih oemoer 13 en 14 taoen, sami minggat saking grijaning tijang sepoehipoen; lantaranipoen laré èstri waoe badé kaidjabaken kalijan laré ingkang boten dipoenremeni!

Samangké wonten minggat kalih, béndjing 4, 8, 16, 32 enz.enz. Malah saged oegi wonten ingkang harakiri pisan! Para Sepoeh..... awas!!

Djoeroe mangsak: Klentreng P.M.

## SAMI BADÉ MADJENG!

Motto: „Ing gesang brajan, wanita kedah timbang kalijan prija; awit jèn ngantos endèk-woer, badé randat lampahing brajan kita."

Tetemboengan „wanita koedoe pada lan prija," poenika sanjatanipoen jèn dipoenmanah pandjang, boten badé kelampahan, djer wanita „blijft" wanita, lan prija „adjeg" dados prija. Wanita gadahanipoen ambeking „poetri;" sareng prija adedasar watak „satrija."

Mila pamoendoet prisanipoen sad. A.S.A. ing Sw. tm. no. 23 „pada karo prija" ing bab poenapa .... enz.... poenika radi ngandar-andar jèn ta kawangsoelana. Nanging jèn katjekak aos: kabèh bisa pada! Moeng loro sing ora bisa, jaikoe: dedasaring èstri (kawanitan) boten saged sami lan dedasaring prija (kasatrijan): lan kosok-baliné! Déné lijané kabèh bisa pada. *)

*) Noen? Genah sanès poenika ingkang dipoenkersakaken sad. A.S.A.! Tjobi kawaos malih kalijan artikel Sw.T. no. 24. Koela ngertos babon, ingkang kagem sad. A.S.A. nalika njerat: mila menawi sad. Rara Koemenjar badé sambet rembag, koela atoeri maos roemijin „Vrouwen-vraagstuk" (V. Cathrein s.j.), oetawi „Sociologie" (prof. Aengenet). Toer mbokmenawi sad. R.K. inggih sampoen naté mireng, bilih para paedagoog djaman samangké sami boten tjotjog kalijan „Coeducatie," boten margi kirang saé toemrap dateng kasoesilaning moerid (zedelijkheid), nanging inggih margi djaler lan èstri satoehoe menggah béda-bédanipoen menggahing psyche. Tjobi koela atoeri maos orgaan K.O.B., Congresnummer ingkang medal nembé poenika. Menawi pandjenengan sampoen maos serat-serat ing nginggil poenika, pandjenengan badé priksa, bilih bédaning djaler lan èstri boten namoeng margi ingkang djaler boten èstri lan ingkang èstri boten djaler (prakawis poenika sinten ta ingkang dèrèng mangertos?), lan pandjenengan boten badé ngendika malih: „déné kabèh bisa pada"; toer temboeng bisa poenika mengeng sanget! Saben tijang èstri saged dados „Narpa-sori," nanging, tjobi sinten boten goemoen, menawi sadaja tijang èstri ngoedi dados garwaning ratoe? Djaler èstri pleg sami, menawi ingkang kakersakaken kados ngendikanipoen St. Pauh loes: Gal. III, 28. „Hier is nog Jood, noc Griek; noch slaaf noch vrije, noch man noch vrouw." — Rembag koela tjatok makaten, soepados sampoen ngantos sad. wanita namoeng badé djambak-djambakan sami sadèrèké kmawon. Red. Sw. T.

Terangipoen jèn kawanitan boten saged sami lan kasatrijan, boten perloe karembag; tjekap: mila titah kalih warni.

Mila amrih sakétjanipoen, karembaga makaten kémawon:

Kodrating Pangéran: wanita poenika dados tetimbanganing prija. Basa nama tetimbangan makaten, dados sakalih-kalihipoen kedah timbang, soepados saged tetimbangan. Menggaha barang makaten koedoe pada boboté; barang kekalih ingkang bobotipoen sami, jèn kadèkèk ing tradjoe mesti timbang. Sapoenika doepèh barang kekalih waoe sampoen timbang, poenapa barang ingkang satoenggal sami (sapoenapa-poenapanipoen) kalijan barang satoenggalipoen? Mesti boten. Makaten oegi toemraping prija — wanita koedoe timbang!!

Sapoenika sami kapirsanana oebenging djagad poenika: Toemrap djagad Djawi, poenapa bangsa wanita sampoen timbang kalijan prija? Rak dèrèng ta? Manawi dèrèng rak kedah kasengkakaken moerih timbangipoen ta? Kados-poendi rékanipoen? Mangké kémawon. Sabar roemijin.

Raosing manah kita rak ngeres jèn ngèngèti asoring dradjadipoen kita wanita! Tjoba koela atoeri maos babad-babad oetawi dongèng-dongèng, sapinten asoring dradjadipoen wanita? O, memelas ta? Tijang èstri namoeng kanggé rerenggan kémawon, kanggé rebatan; jèn perang, .... dados ..... bojongan .... Makaten djamanipoen tijang Batavieren, kanggé totohan .... ngabotohan! Ing tanah Djawi ngriki naté klampahan: djiwa wanita 100 sami pedjah katoekoep ing padjaratan. Tjekakipoen katah tanda jektinipoen; boten perloe kabèbèr sadaja. Doemoegi samangké, ingkang aloking katah djaman kamadjengan, meksa taksih: idjab peksan saking tijang sepoeh! Wonten malih: wong wadon weroeh apa .... enz...... swarga noenoet, nraka .... katoet! Ah kados-poendi poenika? Rak memelas

## PANOENTOENING LARÉ.

*Sambetipoen Sw. Tm. no. 24.*

ananging ngoepados kamaremaning manahipoen pijambak. Katah tjatjahing bijoeng ingkang boten téga manawi anakipoen sami késah tebih atilar grija. Katimbang poeroeita ngoepados indaking kasagedan, kénging kanggé gegaran ngoepados pangoepa djiwa, aloewoeng wonten ing grija kémawon. Ing sarèhning bijoeng waoe boten patos anggagas poenapa ingkang dados toedjoening panggoela-wentah, inggih poenika nenoentoen moerih laré ing béndjing sami saged bawa pijambak. Boten patos ambetahaken pitoeloenganing tijang sanès, pramila sami gadah tindak ingkang kados makaten. Mila jektos, sanès kawiloedjenganing laré, ingkang dados lenging manah, ananging badanipoen pijambak.

Katresnaning bijoeng ingkang toemoedjoe dateng badanipoen pijambak, ngoepados kamaremaning manah, poenika kénging kawastanan penjakit. Awit toemindakipoen nilar kaoetamèn, amboedjeng senenging manah, jèn boten kaleresan saged damel malihing sesipataning laré. Ing satemah sami rèwèl, béka, sapikadjenganipoen kedah katoeroet, boedi ngajang-ajang samangsa bijoeng malangi sedyanipoen. Amargi tansah katoeroet poenapa sapikadjenganipoen, ingkang ngerèh tataning grija boten tijang sepoeh, ananging laré. Babar pisan boten dados srengen, tandang tandoekipoen sampoen boten kénging dipoenéwahi. Déné bijoeng anggènipoen ngarem-aremi manahipoen pijambak: mbésoek jèn wis gedé rak ija mari déwé.

Makaten poenika tindakipoen bijoeng ingkang loemampah tinresnan ing anakipoen, boten poeroen aroeh-aroeh oetawi njaroewé tindaking laré, awit déning adjrih adamel gelaning manah. Sanadyan gadah wewenang moelang moeroek laré, jèn perloe oegi kénging anggitik, meksa wewenang waoe boten dipoenanggé; ing wekasanipoen bijoeng kawon, sarta laré ingkang (mesti) mandiri dados toekang akèn, manawi mendet leresipoen, bijoeng poenika moerba lan misésa laré, ananging saking lepatipoen pijambak, katah ingkang sami dados batoeripoen laré. Djalaran saking poenika, panedanipoen bijoeng dipoentresnani ing laré, kados abdi ingkang njoewoen sih kawelasaning bendara; bijoeng ingkang njanak-njanak ing laré, dépé-dépé neda winastanana asih tresna, poenika damel oemoeking laré, awit laré asring roemaos dipoenbetahaken sanget, andjalari tindak ngadi-adi. Kedjawi njanak anak oetawi dépé-dépé, wonten malih bijoeng ingkang badé ngatingalaken tresnanipoen sarana ngoegoeng, laré boten angsal dipoensrengeni, boten naté dipoenpardi njamboet-damel, kerep dipoentoembasaken ingkang perloe-perloe namoeng amboedjeng kasenengan, sakedap-sakedap neda arta tansah tinoeroet kémawon. Wonten sawenèhing bijoeng ingkang amargi saking bodonipoen, ngantos njoeda aosing bapa, oetawi ngitjalaken kaoermatanipoen, déning tindakipoen badé ngatingalaken tresnanipoen dateng laré; pantjènipoen bijoeng wadjib andjagi soepados bapa dipoenoermati ing laré, ananging wonten sawenèhing bijoeng ingkang asring takèn dateng anakipoen: „Kowé seneng endi akoe apa bapak." Kados-poendi raosing manahipoen bijoeng, ingkang dipoenrangkoel-rangkoel, dipoen-géloti, minangka wangsoelaning pitakènipoen, déné manawi laré nakal: „Ja, ja, tak kandakaké bapakmoe, bèkné disabeti; tjobi kagalihja, bapa namoeng kanggé ngadjrih-adjrihi, kadadosaken singanagaraning grija toekang anggitiki, déné bijoeng ingkang tansah ngeloes-eloes, ngatingalaken tresnanipoen.

Wonten malih sawenèhing bijoeng ingkang bodonipoen kalangkoeng-langkoeng ing bab anggoela-wentah laré, ngantos babar pisan soelaja kalijan ingkang katindakaken ing bapa; oepami bapa menging soepados laré boten djadjan, nanging bijoeng malah setengah akèn, anggènipoen njoekani arta terkadang pados limpéning bapa; bapa akèn sinaoe, moerih sadaja piwoelang sadaja saged katjakoep, nanging sareng bapa boten wonten laré kapoerih kèndel; malah terkadang witjanten: „Sinaoe soewé-soewé rak ija ngeloe, lèrèna nggèr, pantjèn bapakmoe jèn akon ora dipikir;"

**YIO SEN**

Pekerdjaan: **baik!**

TOEKANG GIGI

Ongkos: **pantes!!**

MOENTILAN

(hotel).

Dan . . . paké **garantie!!!**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG

**MERK GAZELLE**

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

**Nitjil kénging! – Kentjèng soekoer!**

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

DJOKJA — DJOKJA

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar
**Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO **„RATHKAMP"** MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA **„RATHKAMP"** DJOKJA

tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP" dan „ERCEE"

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

**TOKO H. SPIEGEL** MALIOBORO 17 DJOCJA.

MAGAZIJN VAN
**LUXE- en HUISHOUDELIJKE ARTIKELEN**

KINDERWAGENS — SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig . . . . . . . . f 5,75
GASOLINE - LAMPEN . . . . . . . . . f 12,50

**M. v. BIENE.**



Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja **SWARA TAMA,** dengan bawa lembaran Swara Tama **dapat POTONGAN.**

**INGKANG NJEPENG LARÉ, NGRENGGANI DJAMAN TEMBÉ - WINGKING!**

**Prijantoen, JEUGDORGANISATIE sampoen kasangga miring!!**


## LOTRÉ BARANG

kanggé soembang soeroeng ngedegaken grédja Katholiek (tjara Djawi) ing Ngidjon, djinoeroengan ing Kangdjeng Toewan Goepernoer ing Ngajogjakarta. **Lotipoen wonten 1000,** satoenggal - toenggaling **lot pangaos f 1 (saroepijah).**

Pangedoemipoen pris badé kalampahan ing dinten **Ngahad Legi tanggal 15 September 1929** wonten ing grija **Kamar Bolah (Bondsgebouw)** ing **Kota - Baroe Ngajogjakarta, poekoel 10,30 êndjing.** Jèn lot-lot sadaja langkoeng énggal telasipoen, pangedoemipoen pris badé dipoenénggalaken.

BARANG - BARANG INGKANG DIPOENLOTRÉ.

Pris No. 1 pit (fiets) oetawi (of) f 100.—
„ „ 2 „ „ „ „ f 60.—
„ „ 3 patéan nikkel saé (mooi nikkelen theeservies) oetawi f 30.—
„ „ 4 kopper ageng (groote stalen koffer) of f 20.—
„ „ 5 gambar schilderan saé (mooi schilderij).
„ „ 6 djam saé (schwarzwalder klokje).
„ „ 7 djam saranténé (horloge met ketting).
„ „ 8 retja G. Jésoes (beeld v/h H. Hart).
„ „ 9 retja D. Marijah (beeld H. Maagd).
„ „ 10 wekker.
„ „ 11 vulpèn (vulpenhouder).
„ „ 12 djam (klokje).
„ „ 13 vulpèn.
„ „ 14 patéan (theeservies).
„ „ 15 kopper (reiskoffer).
„ „ 16 vulpèn.
„ „ 17 toiletdoos.
„ „ 18 djam saranténé (horloge met ketting).
„ „ 19 patéan (theeservies).
„ „ 20 salib lan wadah lilin 2 (kruis met twee kandelaars).
„ „ 21 kopper (reiskoffertje).
„ „ 22 salib lan gambar alit 3 idji (kruis met drie medaljons).
Pris No. 23 gambar (koperen wandplaat met opschrift).
„ „ 24 komfoort nikkel.
„ „ 25 gambar 3 idji.
„ „ 26 retja 2 idji (twee beeldjes).
„ „ 27 piring pasrèn porselin 2 idji (2 porseleinen muurborden).
„ „ 28 portepèl (portefeuille).
„ „ 29 salib djenéan (koperen hangkruis).
„ „ 30 djam (klokje).
„ „ 31 portepèl (portefeuille).
„ „ 32 wadah mangsi saé (inktstel).
„ „ 33 bresihan (doos met toiletartikelen).
„ „ 34 barang² saé (snuisterijen).
„ „ 35 dompèt (portemonnaie).
„ „ 36 pirantos kanggé ses (rookartikelen.
„ „ 37 gambar schilderan (schilderij).
„ „ 38 retja G. Jésoes (beeld v/h H. Hart).
„ „ 39 retja D. Marijah (beeld v/h H. Maagd).
„ „ 40 retja S. Joesoep (beeld v/h H. Jozef).
„ „ 41 gambar schilderan.
„ „ 42 gambar schilderan alit 2 idji.
„ „ 43 gambar schilderan.
„ „ 44 barang-barang soetji (devotieartikelen).
„ „ 45 piring pasrèn 2 idji (twee muurborden).

## DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ambarawa | 6.30 - 8.30. | Lamah | 5.30 - 6 - 8. | Pekalongan [8]) | 7.30. | Soerabaja: | |
| Amboina | 7.30. | Lawang [5]) | 7. | Pemalang [3]) | 7.30. | Kepandjèn | 6 - 7 - 9. |
| Bagan Siapi-api | 7.30. | Madioen | 6 - 7.30. | Pemangkat | 8.30. | Anita Boul. | 6 - 7.30 - 9. |
| Bandoeng | 6 - 7.30 - 9. | Magelang | 7 - 9. | Poerwokerto | 7.30. | Soerakarta | 6 - 7 - 8.30. |
| Benkoelen | 7.30 - 9. | Makassar | 6 - 7.30. | Poerworedjo | 7 - 8.30. | Tandjoeng Balai | 7.30. |
| Blitar | 7.30. | Malang | 6 - 7.15 - 8.30. | Pontianak | 7 - 8.30. | Tandjoeng Karang | 8. |
| Buitenzorg | 6 - 8. | Manado | 6 - 7.30. | Probolinggo | 7.30. | Tandjoeng Sakti | 7.30. |
| Cheribon | 7.30. | Medan | 6.30 - 8 - 8.30 (tjina). | Salatiga | 7.30. | Tara-Tara | 7.30. |
| Djember | 7.30. | | 9.30 (mal.). | Sambas | 6 - 8.30. | Tegal | 7.30 - 9.30. |
| Djokja: | | Medari [6]) | 7.30. | Sambong | 8. | Tering | 7. |
| Kampementstraat Eur. | 7 - 9. | Meester Corn. | 7 - 9. | Sawah Loento | 7 - 8.30. | Tjilatjap [8]) | 7.30. |
| „ Jav. | 6 - 8. | Mendoet | 6 - 7.30. | Sedajoe | 7. | Tjimahi | 6 - 8. |
| Kota Baroe | 6 - 7.30. | Modjokerto | 6 - 8. | Sedjiram | 5.45 - 8.30. | Tomohon | 7 - 8 - 9. |
| Djombang [1]) | 7.30. | Moentilan | 5 - 6 - 8. | Semarang: | | Wates [7]) | 7. |
| Fort de Kock | 7.30. | Muntok | 8. | Gedangan | 7 - 9. | Weltevreden: | |
| Gandjoeran [2]) | 7. | Ngawi [7]) | 7.30. | Bangkong | 6.30 - 8. | Waterlooplein | 5.45 - 7 - 9. |
| Gombong [3]) | 7.30. | Padang | 7 - 8.15 - 9 (tjina). | Tjandi | 7. | Kramat | 6 - 8 - 9 (mal.). |
| Keboemèn [4]) | 7.30. | Padang Pandjang | 7.30. | Randoesari | 7. | Wonosobo [8]) | 7.30. |
| Kediri | 7.30. | Pajakoembo | 7.30. | Singkawang | 6.30 - 9. | Woloan | 8.30. |
| Klatèn | 7.30. | Palembang | 7 - 9. | Soekaboemi | 6 - 7.30. | | |
| Koeta Radja | 6.30 - 8. | Pasoeroean [1]) | 7.30. | | | | |

[1]) 1e. Achad. [2]) 1e. + 3e. Achad. [3]) 2e. Achad. [4]) 1e. Achad tiap² doea boelan. [5]) 1e., 2e., 4e. Achad. [6]) 2e., 4e. Achad. [7]) 3e. Achad. [8]) 4e. Achad.

wa, Ngajogjakarta, Soerakarta!).

Sapisan engkas, mangga toemandang sengkoet!!

### — KABAR KATHOLIEK. —

*Pilihan warga Eerste Kamer.*

Tilgram Aneta saking Den Haag 26 Djoeli, martosaken: dapoekaning warga Eerste Kamer ing sapoenika kados makaten:

*Warga golongan Katholiek 16.*
Warga golongan Socialist 11.
Warga golongan Anti Revolutie 7;
Warga golongan Chr. Historischen 7;
Warga golongan Vrijheidsbond 5;
Warga golongan Democraat 4.

Doda ingkang katah pijambak warga golongan **Katholiek!!!**

## Kabar oemoem Indonesia.

### Rawoehipoen Radja Sijem.

Manawi tanpa alangan satoenggal poenapa, béndjing tanggal 5 Agoestoes Sang Radja Sijem tedak angedjawi.

### Abdi dalem Kristen.

Wonten Sedya Tama no. 160 bagéjan kabar Ngajodja, koela maos andaranipoen sadèrèk M. kados ing ngandap poenika:

„Katah ingkang nginten bilih samangké poenika sampoen wonten abdi dalem ingkang Kristen namoeng dèrèng ngeblak. Ing Ngajodja sarta ing Soerakarta sami kémawon. Mirit katahipoen anaking para abdi toewin santana dalem, ingkang malebet pamoelangan Kristen, panginten waoe inggih wonten èmperipoen.

Djedjering rembag koela dédé agama Kristen, sampoen seling serep. Toeroet kalijan lenggahing karaton, manawi ingkang djoemeneng Nata taksih ngrasoek agama Islam oetawi kagoengan mesdjid, boten kénging pisan-pisan ngabdèkaken tijang Kristen sanadyan ingkang ngoesoelaken Paréntah Walandi kedah kadoewa.

Sokoer bagé manawi panginten waoe klintoe, dèrèng wonten abdi dalem Kristen, moegi dadosa pèpènget kémawon.

Hèh, hèh, . . . . !

Saoepami,- (saoepami lo poenika) wonten tijang agama Kristen (boten predoeli Katolik poenapa Protèstan) oeloek-oeloek makaten: „Manawa kang djoemeneng Nata isih ngrasoek agama Kristen, oetawa kagoengan grédja, ora kena pisan-pisan ngabdèkaké wong Islam,... mangké ingkang moengel makaten waoe ladjeng tjloeloek kados poendi malih, inggih??

Ènget! sadèrèk! Kita poenika sami déné dados kawoelanipoen pradja Kristen! Kita sami déné kabawah Sri Maha Radja Poetri ing Nederland. Sanadjan ingkang djoemeneng Nata ing Ngajodja toewin Soerakarta pisan inggih kabawah ngarsa dalem S. M. P. Wilhelmina! Mangka Sri Maha Radja waoe agama Kristen!

Kalijan malih, ngrasoek agama poenika dados bebahanipoen tijang dédé pangkatipoen! Mangka tijang poenika mardika wenang milih wenang nampik. Ingkang maton, ingkang tanggon kémawon sadèrèk, kita boten miwiti. Sampoen ngagem panggalih „kagawa ora seneng karo Kristen." Red.

### Kamar bolah „Sasana Soeka" ing Moentilan.

Prijantoen - prijantoen Moentilan kala tanggal 28 Djoeli sami ngalempak wonten Kawedanan ngadegaken kamarbolah, saha kalampah saged madeg kanamakaken Sasana Soeka. Kamar bolah waoe kanggé sadaja bangsa, sarta njéwa grija saé séwan f 25. Tatanan kontribisi: pamedal doemoegi f 50: f 0,50; f 51—f 100: f 0,75.; f 101—f 150: f 1; f 151—f 200: f 1,50; f 201 f 250: f 2; f 251—f 300: f 2,50: f 301 sapaminggah: f 3.

Pangrèhipoen: Dokter R. Abdoelrahman (pangarsa); R. Hardjadarsana schoolopziener: moeda pangarsa; M. Hardjawardaja goeroe Normaal: panitra. M. Natahadimedja, Kolèktoer: pangroekti arta; lss. warga noepiksa wonten 5. Pandjenenganipoen Wedana djoemeneng Wredda pangarsa. Soes waoe tjalon njoewoen pangajomanipoen Ingkang Boepati Magelang. Warga sampoen wonten 98. (Warga semanten katahipoen,... mongkogaken! Weling koela oeger boten kambah sesakit djeléhan.

### Sesorahipoen Ki Hadjar Déwantara.

Wonten ing konggrèsipoen pakempalan padvinder I.N.P.O. Ngajogjakarta kala tanggal 24 Djoeni, Ki Hadjar Déwantara medar sesorah bab Nationale Opvoeding ingkang ringkesanipoen kados mekaten:

1. Manoengsa asalipoen namoeng satoenggal, mila boten kénging nampik dateng bangsanipoen pijambak. Bangsa ingkang mendjila boten poeroen sasrawoengan kalijan bangsa sanès, badé moendoer, kaboedidajanipoen badé pedjah.

2. Awon saéning nagari poenika goemantoeng wonten para nénéman, kadosta brontakan ing Djerman poenika ingkang moeroegaken inggih para student. Mila para nénéman waoe perloe sanget angsal panggoela-wentah ingkang saé.

3. Wonten sekolahan djaman sapoenika tetéla kirang babagan opvoeding, mila bangsa Kilèn ladjeng ngawontenaken Padvinderij. Panggoela-wentah tjara panvinderij dateng laré, poenika rikala djaman karaton Padjang inggih sampoen wonten, kaseboet wonten boekoe kina ingkang nama Niti Soerti.

4. Ki Hadjar Déwantara mastani perloe laré èstri poenika oelah sport. Nanging kedah dipoenèngeti bilih laré èstri makaten boten perloe gagah prakosa kados laré djaler; oeger badanipoen sampoen saras sampoen tjekap. Sport ingkang dipoentandangi laré èstri kalijan laré djaler sasarengan, ingkang saged noewoehaken birahining manah, Ki Hadjar Déwantara boten najogjani. Namoeng ingkang boten badé noewoehaken birahining manah kadosdéné main tènis, poenika sanadjan djaler kalijan èstri sami sasarengan, pandjenenganipoen roedjoek kémawon. (—„??????" — *Red. Sw. T.*)

5. Margi ébahipoen para nénéman poenika perloe sanget kanggé bangsa kalijan tanahipoen, K. H. Déwantara paring pitoetoer, soepados para nénéman ngatos-atos anggènipoen milih margi saé, sarta kedah saged ngawonaken hawa nepsoenipoen pijambak ingkang saged ngloropaken badanipoen loemebet djoerang kasangsaran. (Bravo! - *Red. Sw. T.*)

### Wedaling arta kanggé onderwijs ing taoen 1930.

Ing taoen 1930, Negari tjalon ngedalaken arta 81½ joeta roepijah, kanggé perloening departement Onderwijs & Eeredienst.

Arta samanten waoe pépétakanipoen makaten: Kanggé Onderwijs & Eere Dienst f 55.295.000, kanggé Oeroesan Kasarasan f 19.929.300, sarta kanggé waragad sanèsipoen f 6.087.700.

Kala taoen 1929, wedaling arta kanggé perloening Departement poenika namoeng 76¼ mlijoen. Dados kanggé taoen '30 dipoenkatahi 5 Joeta roepijah langkoeng sakedik.

Manoet rantjangan, salebetipoen taoen '30, Dep. badé tampi arta (langkoeng-langkoeng bajaran sakolah) katahipoen 12 mlijoen, oetawi langkoeng 9 ton katimbang taoen '29.

Wedaling arta Nederland kanggé perloening onderwijs ing Indonesia, salebetipoen taoen '30 sampoen katetepaken: f 604.900.—

Dep. njoedijani arta 31½ joeta kanggé perloening sakolahan: hooger, openbaar middel onderwijs, Mulo afdeelingen gadahanipoem A.M.S., Eur. voortsgezet en meer uitgebreid lager onderwijs, openbaar Eur. vak-onderwijs, openbaar Westersch lager onderwijs, openbaar Inlandsch lager onderwijs toewin sekolahan-sekolahan doesoen.

Kanggé pamoelangan loehoer dipoensoedijani arta 2 mlijoen, sekolahan tengahan 2½ mlijoen, Mulo afdeelingen 3¼ mlijoen, sarta kanggé soebsidi sekolahan Mulo Walandi dipoensedijani arta 1 joeta langkoeng.

Kanggé personeel departement dipoentjepaki arta 3/4 mlijoen, kanggé onderwijsraad mèh 50 èwoe roepijah.

Rechtshoogeschool sataoenipoen angragadi 175.000.

Wedaling arta kanggé Rechtshoogeschool ing sataoenipoen 175.000 roepijah.

Technische Hoogeschool 240.000. Medische Hoogeschool f 8883.000 Makaten oengelipoen *Het Nieuws*.